

Yon Plan Pou Pèp la

Genre: Expository text



Kesyon Esansyèl: Poukisa yo te ekri konstisyon Etazini an?

Gouvènman Etazini an kòmanse avèk yon plan. Lidè yo te ekri plan sa plis pase 200 zan. Plan sa rele **konstisyon**. Tout lwa nou yo sòti nan konstisyon an.

Yon nouvo gouvènman

Nan lane 1787, Etazini te yon nouvèl nasyon ak sèlman 13 eta. Premye plan nasyon an pou yon gouvènman se te yon pwoblèm. Lidè yo te decide pou yo chita ansanm pou yo te kapab vini ak yon nouvo plan. Senkanssenk **delege** te vini nan reyinyon sa. Yon delege se yon moun ki pale pou **sitoyen** nan chak eta yo. George Washington te dirije reyinyon sa. Li te premye prezidan peyi a.

Yon Ete Chaje ak Diskisyon

Me 1787, nan yon jounen ki te fè cho anpil, reyinyon sa te kòmanse. Delege yo te reyini ansanm nan «Philadelphia States House.» Yo te fèmen tout fenèt paske se te yon reyinyon ki t ap fèt an sekre. Li te fè cho anpil nan Kay Leta la.

Lè yo te louvri fenèt yo pou yo te kapab pran yon ti lè, moustik te kòmanse ap antre. Delege yo diskite anpil pandan tout ete a nan yon sal plen moustik. Vini avèk yon nouvo plan pou gouvènman pat yon bagay ki te fasil.

Te gen delege kite vle se yon sèl moun ki te pou dirije nouvo gouvènman. Gen lòt ki te panse se yon gwoup ki pou an chaj. Yo tout dakò sou yon sèl bagay. Yon gwoup sipoze fè lwa pou peyi a. Yo pat rive dakò sou kòman yo sipoze chwazi lidè sa yo. Benjamin Franklin, yon gran envantè plis politisyen, te nan reyinyon sa. Li mande tèt li eske gwoup sa ap janm pran yon **desizyon**.

*Ki fason pèp ka fè gouvènman travay?
(Text to text)*



Ben Franklin enkyete. Li panse delege yo pap janm rive dakò.

Fè yon plan

Delege yo ekri yon plan epi yo rele l: Konstitisyon Etazini. Konstitisyon an pat genyen anpil paj, men li te plen ide. Li montre kòman gouvènman nou an travay. Li di se pèp la ki an chaj gouvènman. Pèp la vote pou yo chwazi lidè yo. Lidè sa yo dirije gouvènman pou pèp la.

Yon Gouvènman ki Jis pou tout Moun

Delege ki t ap planifye pou konstitisyon an te rankontre pou kat mwa. Yo te panse konstitisyon an se te yon bon plan. Men se pa tout delege yo ki te siyen l jou ki te 15 septanm 1787 la. Gen nan yo ki te asire yon gouvènman vrèman pwoteje dwa pèp la tou. Dwa se yon bagay moun sipoze genyen. Nan lane 1791, **kongrè** te chanje konstitisyon an pou pwoteje dwa sitwayen Ameriken yo. Yon dwa te pèmèt moun pale lib. Chanjman sa yo te rele «Bill of rights.»

Anpil bagay te chanje depi 1787. Peyi nou vin gran anpil. Gen senkant eta koulye a. Konstitisyon an te chanje plizyè fwa. Men

gen yon bagay ki poko janm chanje. Konstitisyon an se toujou plan pèp la.

Dwa Timoun genyen

Nan lane 1959, anpil peyi te siyen yon Deklarasyon Dwa pou Timoun. Men kèk dwa pou timoun:

- Timoun sipoze grandi lib.
- Timoun sipoze resevwa yon edikasyon gratis.
- Timoun sipoze gen chans pou jwe.

Konvesasyon kolaboratif:

Site kèk lòt dwa pou timoun.